

Let Jan yo



PREMYE LÈT JAN

PREMYE KOZE A

Toule twa lèt Jan yo gen anpil bagay ki sanble, epi ki sanble ak katriyèm Levanjil la tou. Se poutèt sa, yo toujou di se menm moun ki te ekri katriyèm Levanjil la ki te ekri yo tou.

Gen kèk moun ki etidye Bib la, ki panse se kèk nan patizan Jan ki reskonsab lèt sa yo. Se poutèt sa, yo konn pale sou « lekòl Jwanik la ». Men kounye a, pou jan lèt sa yo sanble ak katriyèm Levanjil la, anpil nèg save Bib kwè se menm moun ki te ekri yo.

Lèt sa a sanble plis ak yon prèch pase ak yon lèt. Li pa gen ni bonjou ni orevwa, tankou tout lèt yo konn genyen.

Jan te ekri l pou avèti kretyen Pwovens Lazi yo kont kèk danje ki t ap menase lafwa yo. Kretyen yo te kòmanse divize ant yo akòz yon seri lide yo aprann nan « nostisis » ki sòti nan filozofi grèk yo. Li sanble ak fason yo ekri Levanjil Jan an, e li deklare lafwa nan Jezi Nèg Nazarèt la, ki yon Moun toutbon vre.

Anndan lèt sa a nou jwenn 3 gwo lide:

- Bondye te delivre nou anba chenn peche a pou nou viv nan limyè Bondye a.

- b) Kòmandman renmen an
- c) Se pou nou kenbe nan lafwa nan Jezi Kri.

Men chapant premye lèt Jan an :

Premye koze a : Pawòl Lavi a (1,1-4)

Premye pati a :

Bondye te delivre nou anba peche (1,5–2,1)

Kòmandman renmen an (2,3-11)

Lafwa toutbon an (2,12-28)

Dezyèm pati a :

Bondye te delivre nou anba peche (2,29–3,10)

Kòmandman renmen an (3,11-24)

Lafwa toutbon an (4,1-6)

Twazyèm pati a :

Renmen montre nou viv nan Bondye (4,7-21)

Lafwa se rasin renmen (5,1-12)

Dènye mo yo (5,13-21)

Men mesaj yon moun ki te wè

1 <sup>2:13;
Jn 1:1;
1:14</sup> Sa ki te la depi nan kòmansman an, sa nou te tande a, sa nou te wè ak je nou yo, sa nou te gade byen gade a, sa men nou yo te manyen byen manyen an sou Pawòl ki bay lavi a, ² paske Lavi a te parèt aklè, nou te wè li, nou sèvi temwen, nou anonse nou lavi ki p ap janm fini an. Se li ki te ak Papa a, e ki te parèt aklè devan nou an. ³ Wi, sa nou te wè a, sa nou te tande a, nou anonse li ba nou tou. Konsa nou menm tou, n a fè youn ansanm ak nou. Fè youn pa nou an, se ansanm ak Papa a, ansanm ak Ptit li a, Jezi Kri. ⁴ Nou ekri sa pou kè nou kapab kontan nétale.

Avanse nan limyè a

<sup>Jn
17:20;
1Kor
1:9</sup> **5** Nouvèl nou te tande nan bouch li a, men li, n ap anonse nou li: Bondye se limyè. Nan li pa gen okenn fènwa.

<sup>Jn
8:12;
3:12
Eb 9:4;
Ap 1:5</sup> **6** Si nou di nou fè youn ansanm ak li epi n ap mache nan fènwa, se mantè n ap bay, nou p ap fè laverite. ⁷ Men si n ap mache nan limyè, menm jan li menm li nan limyè a, nou fè youn, youn ak lòt. Epi san Jezi, Ptit li a, netwaye nou anba tout peche. ⁸ Si nou di, nou pa gen peche, se tèt nou n ap twonpe, e laverite a pa nan nou. ⁹ Si nou deklare peche nou yo, li ki sitèlman merite konfyans, e ki sitèlman kòrèk, l ap padonnen peche nou yo, epi l ap netwaye nou anba tou sa ki pa kòrèk. ¹⁰ Si nou di nou pa fè peche, nou fè l pase pou mantè, e Pawòl li pa nan nou.

1,1: Jan pral rakonte yon bagay ki alafwa senp, ki sòti nan Bondye epi ki pi fò pase tout lòt bagay: Bondye lavi a, ki la pou toutan an, te vini pou l rete ak moun ki sou tè a. Depi nan kòmansman Jan montre nou nannan tout mesaj ki sòti nan Bondye a, se lavi! Lavi sòti nan Papa a pou l al nan Ptit la. Ptit la menm mete l nan moun ki temwen l yo. Se konsa lavi sòti nan Bondye, li gaye toupatou. Legliz toutbon an se Legliz ki chèche lavi pou tout moun. Poutèt sa li fè kè kontan an boujonnen nan mitan moun epi se konsa li montre lavi ki nan kè Papa a ak Ptit la ak Lespri Sen an.

1,5-9: Apre «limyè» nou jwenn de lòt reyalite

2 <sup>Wm
8:34;
Eb 7:25</sup> ¹ Ti pitit mwen yo, m ekri nou sa pou nou pa fè peche. Men si yon moun fè peche, nou gen yon avoka bò kote Papa a, se Jezi Kri, Sila a ki kòrèk la. ² Se li menm ki ofri pwòp tèt li kòm pri delivrans pou peche nou yo. Se pa pou peche nou yo sèlman, men pou peche tout tè a.

Kòmandman ansyen an ak kòmandman tounèf la

<sup>Kol
1:20</sup> **3** Sa ki fè nou sèten nou konnen li, se si nou obeyi kòmandman li yo. ⁴ Yon moun ki di « Mwen konnen li », men ki pa obeyi kòmandman li yo, se yon mantè, epi laverite a pa nan li. ⁵ Moun ki kenbe Pawòl li, se toutbon vre renmen Bondye a fin anfòm nèt nan li. Men kisa ki fè nou konnen nou nan li: ⁶ Moun ki di li rete nan li, dwe mache menm jan li menm te mache a. ⁷ Moun mwen renmen yo, se pa yon kòmandman tounèf m ap ekri nou, men se yon ansyen kòmandman nou genyen depi nan kòmansman. Ansyen kòmandman an se Pawòl nou te tande a. ⁸ Men ak tou sa, se yon kòmandman tounèf m ap ekri nou—sa vre ni pou Li ni pou nou menm—paske fènwa a prale, limyè toutbon vre a déjà klere. ⁹ Moun ki di, li nan limyè, men ki rayi frè l, li nan fènwa jis kounye a. ¹⁰ Moun ki renmen frè l, rete nan limyè a, li pa gen anyen ki lakòz moun bite nan li. ¹¹ Men moun ki rayi frè l, se nan fènwa li ye, se nan fènwa l ap mache san li pa konnen kote li prale, paske fènwa a bouche je l.

ki fè pati sa Jan di nou sou Bondye. Se limyè ak laverite. Kote ki gen limyè ak laverite, Bondye la, pa gen peche.

2,9-10: Si nou konnen Bondye, fòk nou fè volonte l. Bondye te montre volonte l nan Jezi Kri, nan sa Jezi te fè ak nan sa Jezi te di. Sa ki pi enpòtan, Bondye montre nou sa li vle pou nou fè nan kòmandman tounèf sa a: **se pou youn renmen lòt tankou li menm li renmen nou**. Se kòmandman tounèf sa a ki fè ni moun, ni kominote yo, ni pèp yo sòti kite egoysis ki touye moun, pou yo viv kòm sè ak frè. Epi se renmen sa a ki fè lavi a boujonnen epi gaye toupatou.

<sup>Wm
12:2;</sup> <sup>Jn
17:14;</sup> ^{Jak 4:4} <sup>1Kor
7:31</sup> <sup>T Ap
20:30;</sup> <sup>1Kor
11:19</sup> <sup>2Kor
1:21;</sup> <sup>Jn
14:26</sup> <sup>2Tes
2:24;</sup> <sup>1Tim
4:1</sup> <sup>10:33;
Jn 5:23</sup> ^{Jn 15:7} ^{Jn 17:2} ^{16:13}

¹²M ap ekri nou, timoun mwen yo, paske peche nou yo padonnen, yo padonnen grasa Non li. ¹³M ap ekri nou, papa yo, paske nou konnen Sila a ki la depi nan kòmansman an. M ap ekri nou jènjan yo paske Malveyan an pèdi devan nou. ¹⁴Mwen te ekri nou pitit mwen yo, paske nou konnen Papa a. Mwen te ekri nou papa yo, paske nou konnen Sila a ki la depi nan kòmansman an. Mwen te ekri nou jènjan yo, paske nou gen fòs, Pawòl Bondye a rete nan nou, epi Malveyan an pèdi devan nou. ¹⁵Pinga nou renmen tè a ni sa ki sou tè a. Si yon moun renmen tè a, renmen Papa a pa nan li. ¹⁶Paske tou sa ki sou tè a—gwo anvi plezi lachè, gwo anvi tou sa je wè, epi fè wè richès—se pa nan Papa a sa sòti, men nan tè a. ¹⁷Men tè a ap pase ak tout gwo anvi l yo. Kanta moun ki fè volonte Bondye, l ap rete la pou toutan.

Antikris

¹⁸Pitit mwen yo, dènye lè a rive. Jan nou te tande gen yon antikris k ap vini an, se konsa kounye a gen anpil antikris. Se sa ki fè nou konnen se dènye lè a ki rive. ¹⁹Yo sòti nan mitan nou, men yo pa moun pa nou, paske si yo te moun pa nou, yo ta rete ansanm ak nou. Men fòk sa te parèt aklè, yo tout pa moun pa nou. ²⁰Nou menm nou pote mak lwil la ki sòti nan Sila a ki sen

2,15-17 : Fòk nou konprann ki sa «tè a» vle di nan fason Jan pale la a, pou nou ka byen konprann mesaj li a. Nan yon sans tè a se sa Bondye fè ki bèl, epi ki bon. Jan pa chèche rayi tè Papa Bondye te kreye a epi Jezi Kri te vin sove a. Nan sans sa a Jan konsidere tè a kòm gwo kado Bondye ban nou epi nou santi nou reskonsab devan Bondye pou devlopman ak pwogrè tè a. Fòk nou respekte tou sa Bondye fè (Gade Matye 28,18 ; Kol 1,15-20 ; Ef 4,10).

Yon lòt kote, tè a se sistèm sosyete peche mete sou pye a. Sistèm sosyete sa a fè moun plis renmen richès pase pataj, yo plis anvi pouvwa a pase youn rann lòt sèvis, yo chèche sèlman sa ki fè yo plezi san yo pa gade si se yon bagay k ap fè lòt yo soufri.

2,18-27 : Pou nou kapab sèten n ap mache nan limyè a, nou dwe rejte Antikris la, sa vle di

an, nou tout nou konnen sa. ²¹Mwen pa t ekri nou paske nou pa konnen laverite a, men poutèt nou konnen l, epitou paske okenn manti pa sòti nan laverite a. ²²Kilès ki mantè a, si se pa sila a ki di Jezi pa Kris la ! Men antikris la, sila a ki rejte ni Papa a, ni Pitit la. ²³Tout moun ki rejte Pitit la, li pa gen Papa a. ²⁴Nou menm menm, sa nou te tande depi nan kòmansman an, se pou l rete anndan nou. Si sa nou te tande depi nan kòmansman an rete anndan nou, lè sa a, nou menm tou, n a rete nan Pitit la ak nan Papa a. ²⁵Men pwo-mès li te fè nou an : se lavi ki p ap janm fini an. ²⁶Mwen te vle ekri nou bagay sa yo sou moun k ap chèche twonpe nou yo. ²⁷Kanta nou menm, mak lwil nou resevwa nan men li a, rete nan nou. Nou pa bezwen pèsonn montre nou anyen. Piske se mak lwil li a k ap montre nou tout bagay—se laverite se pa manti—konsa, rete nan li, jan li te montre nou an.

Pitit Bondye yo

²⁸Kounye a, timoun mwen yo, rete nan li. Konsa lè l a parèt, nou va gen konfyans nèt e nou p ap wont paske nou p ap lwen l, lè l ap vini.

<sup>1Kor
1:8</sup> **29**Si nou konnen li se moun kòrèk, konnen tout moun ki fè sa ki kòrèk tou, se nan li, li sòti.

fo Kris yo. Kretyen ki t ap viv nan tan Jan yo te konnen, anvan Kris la tounen nan glwa li, Antikris la ap parèt. Jan di : **Antikris la dejà la, se li menm ki pa vle rekònèt Jezi se Kris la.**

Fo Kris yo se tout moun ki rejte Jezi Kri kòm Sovè toutbon an. Se konsa yo rejte Bondye Papa, epi yo rejte pwòp lavi yo a tou. Kretyen toubon an se sila a ki aksepte Jezi Kri se Sovè nou an ki te sòti nan Bondye, se sèl li ki ban nou lavi ki sòti nan Bondye epi se li ki delivre nou anba tout kalite peche ak lanmò.

«Mak lwil la» (v. 27) se Lespri Sen ak kado li yo nou resevwa nan batèm ak nan konfirmasyon, kote yo make ak lwil sakre a.

3,1 : La a, se dezyèm pati lèt la ki kòmanse : *nou se pitit Bondye e nou dwe viv kòm pitit li.* Yon moun ki batize, Bondye pran l pou pitit li, e li pran angajman kondi tèt li tankou pitit

Jn 1:12;
1Kor 1:21
3 ¹Gade ki kalite renmen Papa a ban nou pou yo kapab rele nou pitit Bondye, epi se sa nou ye menm. Se poutèt sa tè a pa konnen nou, paske li pa t konnen l, li menm. ²Moun mwen renmen yo, kounye a nou se pitit Bondye. Men sa nou pral ye a pokò parèt aklè. Nou konnen lè l ap parèt aklè, n a sanble ak li, paske n ap wè li jan li ye a. ³Tout moun ki mete les spa sa a sou li, pwòpte tèt li, menm jan Sila a pwòp la. ⁴Tout moun ki fè peche, fè sa ki mal. Peche se fè sa ki mal. ⁵Nou konnen, li menm li te parèt pou li te disparèt peche yo, epi nan li pa gen okenn peche. ⁶Tout moun ki rete nan li, pa fè peche. Tout moun ki fè peche pa ni wè l ni konnen l. ⁷Ti pitit mwen yo, pa kite pèsonn twonpe nou. Moun ki fè sa ki kòrèk, li kòrèk menm jan Sila a kòrèk la. ⁸Moun ki fè peche, se nan dyab la li sòti, paske dyab la nan peche depi nan kòmansman an. Se pou sa Pitit Bondye a te parèt, pou li detwi zèv dyab la. ⁹Tout moun ki fèt sòti nan Bondye, pa fè peche, paske jèm Bondye a rete nan li. Li pa kapab fè peche, paske li fèt sòti nan Bondye. ¹⁰Men nan kisa pitit Bondye oubyen pitit dyab la parèt aklè: tout moun ki pa fè sa ki kòrèk, pa sòti nan Bondye, ni moun ki pa renmen frè l.

Bondye. Fòk li viv kòm pitit Bondye, sa vle di fòk li viv dapre lavi kòrèk nèt. Reyalite pitit Bondye yo se yon bagay ki poko fin fèt nèt. Li gen pou l'grandi chak jou epi l'ap reyalize nèt lè tout moun ka wè lavi Jezi Kri nan tout bèlte li a.

Ptit Bondye: se yon bagay moun kapab konprann divès fason. Jan vle atire atansyon nou sou de bagay:

– Nou se ptit Bondye paske nou gen pou nou rive sanble ak li.

— Nou se pitit Bondye paske nou fet pou nou tounen bò kote Papa a.

3,9: Sa sanble egzajere, men pou yon moun ptit Bondye se pa yon jw t. Rey lman vre, nou k manse yon lavi nan laverite ak renmen. Moun ki gen lavi sa a, sa ap vin enposib pou li pou l f  peche toutbon: pou l ta chwazi derefize renmen, derefize padonnen, derefize kontinye lite

Se pou youn renmen lòt

¹¹ Paske mesaj nou te tande depi nan kòmansman an, men li: se pou youn renmen lòt. ¹² Se pa tankou Kayen ki te sòti nan Malveyan an, epi ki touye frè l. Poukisa li touye l? Paske zèv li yo pa t bon, epi zèv frè li yo te kòrèk. ¹³ Nou pa bezwen sezi, frè yo, si tè a rayi nou. ¹⁴ Nou menm nou konnen nou sòti nan lanmò janbe nan lavi, paske nou renmen frè nou yo. Moun ki pa renmen, rete nan lanmò. ¹⁵ Tout moun ki rayi frè l se ansasen. Nou konnen okenn ansassen pa gen lavi ki p ap janm fini an nan li. ¹⁶ Men sa ki fè nou konnen sa renmen ye: Sila a fè nou kado lavi l. Nou menm tou, nou dwe bay lavi nou pou frè nou yo. ¹⁷ Si yon moun gen mwayen sou tè a, li wè frè l nan nesesite, epi li fèmen kè l byen di ba li, kijan renmen Bondye a rete nan li? ¹⁸ Ti pitit yo, pinga nou renmen ni ak pawòl, ni nan bouch sèlman, men renmen toutbon vre nan sa nou fè. ¹⁹ Se konsa n a konnen nou sòti nan laverite, epi n a gen kè poze devan l. ²⁰ Si kè nou akize nou, Bondye pi fò pase kè nou. Li konnen tout bagay. ²¹ Moun mwen renmen yo, si kè nou pa akize nou, nou gen konfyans nètale bò kote Bondye. ²² Tou sa nou mande, nou jwenn li nan men l, paske nou obeyi kòmandman li yo, epi

pou simaye Pawòl Bondye a anndan sosyete a. Men nou mande Papa nou : « Pa kite nou pran nan pyè. »

3,10: Fè sa ki kòrèk la blayi toupatou, mennen yon lavi ki kòrèk nèt, se sa ki renmen an. Se sa nou rele favè Bondye a tou. Moun ki pa renmen frè li yo ak sè li yo kanpe bò kote fòs fènwayo. Li rete nan peche a depi li rayi frè li yo ak sè li yo.

3,15: Tout krim touye moun k ap fèt jounen jodî a nan yon bon valé peyi, menm nan mitan pèp kretyen yo, se rezulta rayisans ki gaye syèk an syèk, anpil moun kenbe nan kè yo, san yo pa vreman depase sa.

3,20: Sa vle di Bondye konnen nou e li jije nou pi byen pase jan nou menm nou ta ka fè sa. Li fè sa ak renmen. Si grasa konsyans nou ki dwat, nou regrett peche nou yo, nou sèten jwenn padon Bondye.

Jn 6:29;
13:34;
1P.ye 1:22
Jn 14:23;
Wm 8:9
nou fè sa ki fè l plezi. ²³Kòmandman li an, men li: se pou nou kwè nan non Ptit li, Jezi Kri, e pou youn renmen lòt jan li te pase nou lòd la. ²⁴Moun ki obeyi kòmandman li yo, rete nan li. Li menm tou, li rete nan moun sa a. Men kijan nou konnen li rete nan nou, se grasa Lespri a li ban nou an.

Kijan pou w rekonèt sa ki sòti nan Bondye

Dt 13:2;
Mt 7:15;
2P.ye 2:1;
1Tes 5:20
1Kor 12:3;
Wm 10:9
T Ap 20:29;
2Tes 2:7
Mt 12:29
Jn 15:19;
17:14
Jn 18:37
4 ¹Moun mwen renmen yo, pinga nou kwè tout kalite lespri, men sonde lespri yo, si yo sòti nan Bondye. Paske gen anpil fo pwofèt ki parèt sou tè a. ²Men kijan n a rekonèt lespri Bondye a: tout lespri ki deklare Jezi Kri te vini ak yon kò, se nan Bondye li sòti. ³Tout lespri ki pa rekonèt Jezi, pa sòti nan Bondye, sa se afè antikris la nou te tande yo di, k ap vini an. Depi kounye a, li déjà sou tè a. ⁴Nou menm ti pitit yo, nou sòti nan Bondye. Yo déjà pèdi devan nou, paske sila ki nan nou an, pi fò pase sila a ki sou tè a. ⁵Yo se moun pa tè a, se pou sa yo pale bagay tè a, epi tè a koute yo. ⁶Nou menm nou sòti nan Bondye. Moun ki konn Bondye, koute nou. Men moun ki pa sòti nan Bondye, pa koute nou. Se konsa nou rekonèt lespri k ap di laverite a ak lespri k ap twonpe a.

3,24: Kado Lespri Sen an Bondye ban nou fè nou sanble ak Jezi. Se Lespri Sen an ki fè lafwa grandi nan nou epi li mennen nou pran angajman pou n ede moun yo viv lavi tounèf la ki sòti nan Bondye.

4,1-6: Jan montre wòl empòtan Lespri Sen an byen, li mennen nou nan laverite. Men, la a li mete nou okouran pwofèt sa yo ki p ap pale selon laverite yo resevwa nan men apòt yo nan Legлиз la. Toujou gen dezakò ant sa yo ki gen otorite ak sa yo ki lib pou pale, oswa pou kritike. Se devwa nou pou n fòme konsyans nou, epi pou lide nou cadre ak prensip Levanjil yo.

Lavi chak jou mete kreyten yo anfas reliyion yo, pati politik yo, pwopozisyon sosyal yo, sis-tèm panse yo, youn diferan ak lòt. Kouman n ap fè pou nou konnen ki sa ki pi bon oswa ki pa bon nan yo? Kouman n ap fè pou nou konnen sa ki sòti nan Bondye ak sa ki pa sòti nan li? Tout lidè politik, reliyion, pwojè ekonomik oswa sos-

Bondye se renmen li ye

⁷Moun mwen renmen yo, se pou youn renmen lòt, paske renmen an se nan Bondye li sòti. Tout moun ki renmen, fèt sòti nan Bondye, epi li konnen Bondye. ⁸Moun ki pa renmen, pa konnen Bondye, paske Bondye se renmen. ⁹Men kijan renmen Bondye a te parèt Jn 3:16 nan mitan nou: Bondye voye sèl gress Ptit li a sou tè a, pou nou kapab gen lavi grasa li. ¹⁰Men kisa renmen an ye: se pa nou ki te renmen Bondye, men se li menm ki te renmen nou, epi ki te voye Ptit li kòm yon kado yo ofri pou peche nou yo. ¹¹Moun mwen renmen Mt 18:33 yo, si se konsa Bondye te renmen nou, nou menm tou se pou youn renmen lòt. ¹²Bondye, pèsonn pa janm wè l. Si youn renmen lòt, Bondye rete nan nou, e renmen li an fin anfòm nèt nan nou. ¹³Se konsa nou konnen nou rete nan li, epi li rete nan nou, paske li te ban nou nan Lespri li a. ¹⁴Kanta nou menm, se Jn 3:17 apre nou fin gade byen gade ak je nou, nou sèvi temwen Papa a te voye Ptit li kòm Sovè tè a. ¹⁵Si yon moun deklare Jezi se Ptit Bondye, Bondye rete nan li, li menm li rete nan Bondye. ¹⁶Nou Wm 5:8 menm, nou konnen renmen Bondye gen pou nou an, epi nou kwè nan li. Bondye se renmen. Moun ki rete nan renmen rete nan Bondye, epi Bondye

yal yo ki pa korespond ak sa Jezi di, e ak sa li fè osèvis lavi moun, se yo ki pa sòti nan Bondye. Epi tout sila yo ki mete lavi moun nan premye plas, e ki fè moun vin pi lib, se nan Bondye yo sòti.

4,7: La a, se twazyèm pati lèt la ki kòmanse. Nannan lavi kreyten an se renmen. Papa a, Ptit la ak Lespri Sen an se pi gwo kominate. Nou deklare lafwa nou nan Bondye Sovè nan fason youn renmen lòt. Pi gwo pwoblèm nou genyen se pale nou pale sou li, epi youn pa renmen lòt. Bondye ap jije nou sou kalite renmen nou genyen pou frè ak sè nou yo. Poutèt sa, moun ki renmen li pa bezwen gen laperèz pou jijman Bondye a, paske renmen sòti nan Bondye epi se sèl li ki kapab jije nou.

4,16: Bondye se renmen: se youn pami gwo laverite Bib fè nou konnen. Renmen Bondye ak renmen pwochen n, se de bagay ki pa kapab separe youn ak lòt. Nou byen konnen sa, Jan ban

rete nan li. ¹⁷ Se konsa renmen an fin anfòm nèt nan nou, pou nou gen konfyans nèt jou jijman an. Jan Sila a ye a, se konsa nou ye tou sou tè sa a. ¹⁸ Pa gen krentif nan renmen. Okontré, renmen ki fin anfòm nèt la voye tout krentif ale. Se paske krentif mache ak pini-syon. Moun ki gen krentif pa kapab fin anfòm nèt nan renmen an. ¹⁹ Kanta nou, nou renmen, paske li menm li te renmen nou an premye. ²⁰ Si yon moun di: 'Mwen renmen Bondye', men li rayi frè l, li se yon mantè. Reyèlman vre, si yon moun pa renmen frè l li wè a, li pa kapab renmen Bondye li pa wè a. ²¹ Kòmandman nou jwenn nan men li an, se pou moun ki renmen Bondye renmen frè l tou.

Lafwa bay viktwa

5 ¹Tout moun ki kwè Jezi se Kris la fet sòti nan Bondye. Tout moun ki renmen Papa ki bay lavi a, renmen Ptit la tou ki resevwa lavi nan men li an. ²Se konsa n a konnen ptit Bondye yo, si nou renmen Bondye e nou fè sa kòmandman yo mande. ³Reyèlman vre, renmen Bondye se sa: se pou nou obeyi kòmandman li yo. Epi kòmand-

man li yo pa yon chay ki lou. ⁴Tou sa k ap fèt sòti nan Bondye, tè a pèdi devan l. Lavikta ki fè tè a pèdi a, se lafwa nou. ⁵Devan kilès tè a pèdi a, si se pa devan moun ki kwè Jezi se Ptit Bondye a? ⁶Sila ki te vini ak mwayen dlo ak san, se Jezi Kri. Se pa nan dlo sèlman, men nan dlo ak nan san. Epi se Lespri a ki sèvi temwen, paske Lespri a se laverite. ⁷Konsa gen yo twa k ap sevi temwen: ⁸Lespri a, dlo a, ak san an. Yo tou le twa tonbe dakò. ⁹Si nou aksepte deklarasyon moun, deklarasyon Bondye gen plis valè. Paske se deklarasyon Bondye li ye, e li sevi Ptit li temwen. ¹⁰Moun ki kwè nan Ptit Bondye a, gen deklarasyon Bondye a nan li. Moun ki pa kwè nan Bondye, fè l pase pou mantè, paske li pa kwè nan deklarasyon Bondye te fè pou Ptit li a.

¹¹E men sa deklarasyon an ye: Bon-
dye ban nou lavi ki p ap janm fini an. ¹²Moun ki gen Ptit la, gen lavi a. Moun
ki pa gen Ptit Bondye a, pa gen lavi a.

Asirans moun ki fèt sòti nan Bondye

¹³Mwen ekri nou bagay sa yo pou nou konnen nou gen lavi ki p ap janm

nou rezon an : renmen sòti nan Bondye (v. 7). E paske Bondye te renmen nou an premye, kounye a nou kapab renmen Bondye (v. 10), lè nou renmen pwochen nou ak menm renmen sa a ki rete nan nou.

Jan montre rapò ant renmen Bondye ak lafwa nan Bondye : moun ki kwè nan Bondye toutbon vre, se sila a ki kwè anvan tout bagay nan renmen Bondye a. Bondye renmen nou, e li chwazi nou depi toutan. Li te montre nou sa nan voye li voye Ptit li a pou l tabli Gouvènman Bondye a sou tè a. Epi Jezi te fè sa jouk li bay lavi l menm.

5,1-12 : Bondye-Renmen an se li ki mande n pou n kwè nan Ptit li a, e lafwa se yon viktwa. Pi gwo viktwa nou, se lè n va vin jwenn eritaj nou kòm ptit gason ak ptit fi Bondye: sa vle di lavi Bondye menm. Moun ki kwè nan Jezi, yo deja gen Laverite a : laverite sa a se Bondye li menm ki sous renmen ak lavi.

5,2 : Lè nou renmen ptit Bondye yo, nou konnen, ak asirans, nou renmen Bondye: Moun ki renmen frè ak sè li yo se moun ki renmen Bondye.

Gen anpil bon bagay yo rele renmen, epi

petèt yo tout yo gen kichòy ki sòti nan renmen. Renmen Bondye gen pou nou an ak renmen li ban nou pou lòt yo, sa enposib pou yo ta pran yo pou lòt renmen. Renmen ki travay dapre yon vre kominyon ak Bondye pa menm ak renmen ki rann moun avèg oswa ki fet pa enterè. Renmen ki sòti nan Lespri Sen an gen bon rezulta ni pou sove moun nou renmen yo, ni pou fè lavi Kris la tounen pwòp lavi pa yo ak pa nou.

5,6-9 : Lespri, dlo ak san, se twa reyalite ki fè nou sonje Jezi se Ptit Bondye epi li se moun toutbon vre. Men tou yo kapab fè nou sonje eksperyans lavi kreyten an konsa :

– *Dlo* : se senbòl lavi tounèf nou jwenn nan batèm.

– *San* : se senbòl san Jezi ki koule pou nou an e ki kontinye koule chak jou nan soufrans pou lafwa ak pou Levanjil la.

– *Lespri* : se Lespri Jezi ki leve byen vivan an. Se fòs ki pouse temwen Kris yo reyalize misyon yo san dekouraje.

Twa bagay sa yo reprezante eksperyans yon kreyten : Sa fasil pou n wè yo koresponn ak twa sakreman Batèm, Lekaristi ak Konfirmasyon.

Mt 21:22;
Ap 12:11;
Jn 14:13
1Kor 15:57

Jn 19:34

Jn 3:33;
5:34

Jn 20:31

fini an, nou menm ki kwè nan Non Pitit Bondye a. ¹⁴Men asirans nou genyen bò kote l: si nou mande l kichòy ki dakò ak volonte l, l ap koute nou. ¹⁵Si nou konnen, li koute nou lè nou mande l kichoy, nou konnen nou genyen sa nou te mande yo. ¹⁶Si yon moun wè frè l fè yon peche ki pa mennen nan lanmò, se pou li lapriyè epi l a ba li lavi. Sa se pou moun ki fè peche ki pa mennen nan lanmò. Gen yon peche ki mennen nan lanmò: se pa pou peche sa a mwen di pou yo lapriyè. ¹⁷Tou sa ki pa lavi kòrèk se peche, men gen yon

^{Jak 1:5}
^{Mt 21:22;}
^{Jn 14:13}
^{Mt 18:15;}
^{Eb 6:4;}
^{10:26}

peche ki pa mennen nan lanmò. ¹⁸Nou konnen tout moun ki fèt sòti nan Bondye pa fè peche, men Sila ki fèt sòti nan Bondye a va pwoteje l. Malveyan an pa kapab manyen l. ¹⁹Men nou konnen nou se moun pa Bondye. Tout tè a anba pouwva Malveyan an. ²⁰Nou konnen Pitit Bondye a vini, e li ban nou entèlijans pou nou konnen Sila ki la toutbon vre a. Epi nou nan Sila ki la toutbon vre a, nan Pitit li Jezi Kri. Sila a se Bondye toutbon vre a ak lavi ki p ap janm fini an. ²¹Ti pitit yo, veye kò nou ak zidòl.

^{Jn 17:15}
^{Kol 1:13}
^{Jn 20:20;}
^{Wm 9:5;}
^{Tit 2:13}

Jan montre diferans ant peche *ki mennen nan lanmò ak sa ki pa mennen nan lanmò*: yon bò, rejte ni lavi, ni renmen, ni laverite, yon lòt bò, ak lòt feblès ki pa touye dife lafwa a. Gen anpil peche ki sòti nan feblès nou. Men lapriyè komi-notè ka delivre nou anba feblès sa a. Peche ki mennen nou nan lanmò se tou sa ki debranché nou sou Bondye ki sous lavi, renmen ak laverite. Se peche sa yo ki anpeche moun viv kòm moun toutbon vre, e kòm pitit Bondye.

5,21: Veye kò nou ak zidòl: Pou Levanjil la, zidòl se moun, bagay, prensip, pwojè ak nenpòt ki bagay ki fè moun pa kapab jwenn lavi, ki mennen moun nan lanmò ak nan esklavaj peche. Moun, bagay ak pwojè sa yo yo pretann se yo ki Bondye. Pinga ak zidòl sa yo: Sèl Bondye nou genyen se Bondye lavi a, e se li memm ki montre figi li nan Jezi, nèg Nazarèt la ki di: «Mwen se chemen an, laverite a ak lavi a.» (Jan 1,6)

DEZYÈM LÈT JAN

PREMYE KOZE A

Moun ki ekri lèt sa a bay tèt li non «Ansyen». (Ansyen se yon tit yo te konn bay kèk moun nan Legliz Lazi yo, dapre sa Papyas ak Irene fè nou konnen. Yon «Ansyen» se yon temwen ki te konnen swa Jezi, swa Apot li yo, epi ki te gen bèl laj. Tout bagay sa yo sanble ak Apot Jan.) Li voye lèt sa a bay yon kominote ki gen yon non byen espe-syal : «*Madanm Bondye chwazi a*», men li pa di ki kote kominote sa a ye. Li byen posib se youn nan legliz Lazi yo ki te anba enflyans ak kontwòl «Ansyen» an. Li pale sou renmen ak lafwa menm jan ak premye lèt la, e li bay avètisman sou fo pwofesè yo, paske moun sa yo di Jezi se pa yon moun toutbon vre.

Moun ki ekri lèt la, anonsé l ap rann kominote a vizit.

Men chapant dezyèm Lèt Jan an :

Bonjou (vèsè 1-3)

Kòmandman renmen an (vèsè 4-6)

Lafwa toutbon nan Jezi Kri, ki te yon moun toutbon vre (vèsè 7-11)

Orevwa (vèsè 12-13)

Bonjou

¹Ansyen an, pou madanm Bondye chwazi a, ak pou pitit li yo mwen renmen toutbon vre yo—se pa mwen sèlman, men tout moun ki konnen laverite a tou—²poutèt laverite ki rete nan mitan nou an, epi ki va ansanm ak nou pou toutan an. ³N ap jwenn favè, kè sansib ak kè poze ki sòti nan Bondye Papa a, ak nan Jezi Kri, Pitit Papa a, nan laverite a ak nan renmen.

Laverite ak renmen

⁴Sa te fè mwen kontan anpil pou mwen jwenn nan pitit ou yo k ap mache nan laverite a, jan nou te resevwa lòd nan men Papa a. ⁵Kounye a, madanm, mwen mande w pou nou youn renmen lòt—se pa yon kòmandman tounèf mwen ba ou nan lèt sa a, men se yon kòmandman nou genyen depi nan kòmansman. ⁶Men sa renmen an ye: se pou nou mache nan chemen kòmandman li yo. Sa a se kòmandman an jan nou te tandem l depi

nan kòmansman an: se pou nou mache nan li.

Antikris yo

⁷Gen anpil moun ki vin sou tè a k ap twonpe moun. Yo pa rekonèt Jezi Kri vini nan yon kò. Se moun sa a k ap twonpe, e ki antikris la. ⁸Veye kò nou pou nou pa pèdi travay nou te fè a, men pou nou resevwa tout rekompans nou. ⁹Tout moun ki ale pi devan, ki pa rete nan sa Kris la te montre nou an, pa gen Bondye ak li. Moun ki rete nan sa li te montre nou an, li gen ni Papa a ni Pitit la. ¹⁰Si yon moun vin kote nou, epi li pa pote sa Kris la te montre nou an, pa resevwa l lakay nou, pa di l bonjou. ¹¹Reyèlman vre, moun ki di l bonjou, mele nan move aksyon li yo.

¹²Mwen gen anpil bagay pou m ekri nou toujou. Men mwen pa vle fè l ak papye ak lank. Mwen espere vin lakay nou pou mwen pale ak nou fasafas, pou nou kapab kontan nèt. ¹³Pitit sè w yo, sila Bondye chwazi a, voye bonjou pou ou.

1-2: Ansyen an ki ekri lèt sa a se reskonsab kominote sa a. Li konnen Levanjil ki pote non Jan an pakè. Kounye a li nan yon lòt kominote. Poutèt sa li ekri yo, men li ta renmen ale rann yo vizit (an n gade 2Jn 7,12) Moun ki ekri lèt sa a voye l bay «Madanm Bondye chwazi a ak pitit li yo». Madanm Bondye chwazi a se kominote Legliz la menm epi pitit li yo se tout kreyen ki ladan yo. Sa vle di Legliz se yon Madanm ki gen pitit.

3: Laverite se sa Bondye montre nou nan Jezi Kri.

4-6: Ansyen ki ekri lèt la montre kominote a menm bagay Jezi te montre a, epi li tounen sou Levanjil Jan an pou fè moun yo sonje sa ki nan-

nan lavi kreyen an : kòmandman renmen an (an nou gade Jn 13,34-35 ; 1Jn 2,7-11).

7-12: Li sèvi ak non «Antikris» pou li pale sou moun ki pa aksepte Pwogram Bondye te montre nou nan Jezi Kri, swadizan pou yo vanse plis nan chemen lavi espirityèl la. Moun sa yo gen pwoblèm pou yo aksepte Jezi Kri se Pitit Bondye ki tounen moun. Yo meprize kò moun poutèt sa.

Lide sa yo gen pakèt enpòtans. Si yo pa aksepte Bondye te tounen Moun nan Jezi Nèg Nazarèt la, yo kraze Levanjil la nèt. Lavi Jezi, tou sa li te fè, epi lanmò li a pa gen sans ankò.

13: Pitit sè w yo : se kreyen lòt kominote Jan te fonde a.

TWAZYÈM LÈT JAN

PREMYE KOZE A

Lèt sa a sanble ak dezyèm Lèt Jan an. Menm si se twazyèm lèt Jan an, se li ki te ekri an premye. Yo voye lèt sa a bay yon moun yo rele Gayis. Yo bay non twa moun ki ann-dan kominote a: Gayis, Demetryis ak Dyotrefès. Gayis ak Demetryis kenbe fèm nan lafwa nan Jezi Kri, men Dyotrefès te bay kominote a pwoblèm. Moun ki ekri lèt la anonsse yon vizit li pral fè kominote a.

Men chapant twazyèm Lèt Jan an :

Bonjou (vèsè 1)

Konpliman pou Gayis (vèsè 2-8)

Sa Dyotrefès fè ki pa bon menm pou kominote a (vèsè 9-12)

Orevwa (vèsè 13-15)

Bonjou

¹Ansyen an, pou Gayis mwen renmen an, mwen renmen toutbon vre a.

²Ou menm mwen renmen an, m ap lapriyè pou tout bagay mache byen pou ou, pou w ansante, menm jan sa ap mache byen pou nanm ou an.

³Reyèlman vre, mwen kontan an pil, paske gen frè ki rive isit la k ap pale anfavè laverite w la, dapre jan w ap mache nan laverite. ⁴Nanpwen anyen ki fè kè m pi kontan, pase lè m tande ptit mwen yo ap mache nan laverite a.

Konpliman pou Gayis

⁵Ou menm mwen renmen an, ou konpòte w dapre lafwa w nan tou sa w fè pou frè yo, sitou pou frè etranje yo.

⁶Yo pale anfavè w devan tout Legliz la, pou valè renmen ou genyen. W ap aji byen si w ede yo ranje vwayaj yo yon fason ki pou fè Bondye plezi. ⁷Reyèlman vre, se poutèt Non an yo pati, san yo pa resevwa anyen nan men pèp etranje yo. ⁸Konsa nou dwe resevwa

kalite moun sa yo, pou nou bay konkou pa nou nan laverite a.

Dyotrefès ak Demetriyis

⁹Mwen te ekri Legliz la yon mo, men Dyotrefès, ki renmen pran pòz chèf nan mitan yo, pa aksepte nou. ¹⁰Se poutèt sa, si mwen vini, m ap fè nou sonje zèv li fè yo, lè l ap plede pale tout vye pawòl sou nou. Sa pa kont pou li: li pa resevwa frè yo, epi si gen moun ki vle resevwa yo, li enpoze yo, epi li mete yo deyò nan Legliz la. ¹¹Ou menm mwen renmen an, pa swiv sa ki mal, men swiv sa ki byen. Moun ki fè byen, se moun pa Bondye. Moun ki fè mal pa t wè Bondye. ¹²Kanta pou Demetriyis, se tout moun ki pale anfavè l. Menm laverite pale pou li. Nou menm tou, nou pale anfavè li. Ou konnen deklarasyon nou se laverite. ¹³Mwen gen an pil bagay pou m ekri w, men se pa ni ak lank ni ak plim mwen vle fè sa. ¹⁴Mwen espere mwen kapab wè w talè konsa pou nou pale fasafas. ¹⁵Kè poze pou ou. Zanmi yo voye bonjou pou ou. Di tout zanmi yo bonjou, yo chak apa.

1-2: Moun ki ekri lèt sa bay tèt li non : «Ansyen an». Sa vle di se yon otorite anndan kominote a. (Dezyèm lèt Jan an) Li voye lèt sa a bay Gayis. Men sa ki enpòtan se fason Ansyen an trete ki mamm kominote sa a : «Gayis mwen renmen an». Ansyen an swete li byen ni nan kò li, ni nan lespri li.

3-12: Moun ki ekri lèt la trete pwoblèm misyonè yo apati kat moun: li menm ki ekri lèt sa a; Gayis, moun ki resevwa lèt la; Demetriyis, yon misyonè k ap mache an pil. Epi Dyotrefès yon reskonsab anndan kominote a. Sanble Ansyen an se reskonsab yon ekip misyonè ki konn ale toupatou pote Bon Nouvel la bay kominote yo. Demetriyis fè pati ekip misyonè sa a tou. Gwoup la gen pwoblèm paske Dyotrefès pa vle resevwa Demetriyis. Poutèt sa Ansyen an ekri lèt sa a pou Gayis, yon lòt dirijan kominote a, pou li fè sa li kapab pou kominote a kontinye resevwa ekip misyonè a.

3: Li eseye fè Gayis santi l byen, li ba li kèk pawòl rekonesans, pou Gayis aksepte sa l ap mande l. Li ta posib kèk moun ki nan gwoup misyonè a te ale wè Ansyen an epi yo ba li bon ransèyman sou konpòtman Gayis.

6-7: Vèsè sa yo yon ti kras difisil. Sanble mis-

yonè yo bezwen kèk bagay pou yo manje antan yo vwayaje sòti nan yon kominote pou yo ale rann lòt la vizit. Misyonè sa yo, pa t resevwa salè ni kòb nan men kominote yo, sèlman kichòy pou yo manje. Si yo mande lajan kominote a gen dwa kouri dèyè yo. Ansyen an mande Gayis tanpri souple bay misyonè yo manje ak sa yo bezwen pou yo rive nan lòt kominote a, paske misyonè sa yo pa t resevwa anyen nan men moun etranje yo. Sa vle di yo pa chèche pwòp avantaj yo. Yon kominote ki ede misyonè yo, li kolabore nan travay simaye Bon Nouvel la.

10: Pwoblèm nan se Dyotrefès. Li pa t resevwa misyonè yo ki sòti nan ekip Ansyen an, epi li pa kite lòt resevwa yo. Poutèt sa Ansyen an mande Gayis pou li pa fè menm bagay ak Dyotrefès.

11: Moun ki fè sa ki mal la pa wè, li pa konnen ki moun Bondye ye.

12: Li pale byen an favè Demetriyis tout moun konnen se yon misyonè li ye.

13-15: Li di prèske menm bagay li te di déjà nan dezyèm lèt la (2 Jan). Sa nou renmen se jan Ansyen an salye chak moun ki nan kominote a. Yon kominote kretyen, se yon fanmi kote youn konn lòt, youn zanmi ak lòt.